

# Dwa Elèv Immigran ak Paran yo nan lekòl la

- ⇒ **Tout timoun gen dwa pou ale nan lekòl leta.**
- ⇒ **Lekòl yo pa gen dwa pou mande ou oswa pitit ou kondisyon imigrasyon nou.**
- ⇒ **Li ilegal pou lekòl yo gen règleman ki diferan pou elèv ak paran akòz nan ki peyi yo soti. Lwa sa proteje tout elèv ak paran ki pa gen papyè.**

## Dwa Elèv yo

---

- Pitit ou a pa bezwen nimewo sosyal sekirite ak batistè pou ale nan lekòl leta yo. Lekòl yo sipoze mande ou prèv kote ou rete. Yon papyè lajan ou dwe pou telefòn ou e youn lèt nan men mèt kay kote ou rete a se egzanp prèv ou ka itilize.
- Nan Massachusetts, pi fò jenn yo gen dwa pou ale nan lekòl leta. Règleman sa aplike ak tout elev ki gen 21 ane e pi jèn.
- Piti ou gin dwa pou li ansekirite de anwiman, anmèdman ak vyolans. Yo gen dwa pou santi yo ansekirite avek lòt elèv, pwofesè avek anplwaye lekòl la.
- Si anglè pa premye lang pitit ou, lekòl la sipoze ba li sipò pou li apran.
- Elèv yo ki gen pwoblem paske youn andikap gen dwa ak sevis edikasyon espesyal de lekòl la.
- Paran ka mande lekòl la pou fè youn egzamen pou pitit ou jwen sèvis edikasyon espesyal. Lekòl la dwe fè egzamen nan lang ki ka plis montre talan ak konesans pitit ou.

## Dwa Paran yo

---

- Ou gen dwa pou revize rapò lekòl pitit ou. Ou ka mande lekòl la pou chanje rapò si ou wè li pa kòrèk.
- Ou gen dwa ak tout kominikasyon de lekòl pitit ou nan premye lang ou. Lekòl la sipoze itilize youn intèprèt ki kalifye lè yo bezwen pale avek ou. E yo sipoze tradwi tout dokiman ou bezwen de yo minm nan lang ou. Enfòmasyon yo ba ou nan lang ou sipoze gratis e lekòl la sipoze ba ou enfòmasyon yo nan minm lè yo bay lòt paran yo an anglè.

**Si ou minm oubyen dwa pitit ou vyole nan lekòl la,**

**Ekri tout bagay, kinbe kopy, e  
kontakte youn avoka oubyen ajans anba yo.**

<b>Ki kote Ajans, Travay yo</b>	<b>Ajans</b>	<b>Nimewo Telefòn</b>
Sant ak Lwès Massachusetts	Asistans Jiridik Kominotè (Community Legal Aid)	855-252-5342
Rejyon Gran Boston	Reprezantan pou Timoun nan Massachusetts (Massachusetts Advocates for Children)	617-357-8431
Nòdès Massachusetts	Sant Dwa Timoun nan Massachusetts (Children's Law Center of Massachusetts)	888-543-5298
Sidès Massachusetts	Justice Center of Southeast Massachusetts	800-244-9023
Tout rejyon nan Massachusetts	Komite Avoka pou Dwa Sivil ak Jistis Ekonomik (Lawyers for Civil Rights)	617-482-1145
Tout rejyon nan Massachusetts	Reprezantan Dwa timoun nan Massachusetts (Massachusetts Advocates for Children)	617-357-8431
Tout rejyon nan Massachusetts	Biwo Minis Jistis nan Massachusetts (Massachusetts Office of the Attorney General)	800-994-3228
Tout rejyon nan Massachusetts	Komite Konseye Jiridik pou Sante Mantal (elèv ki gen twoub mantal) (Mental Health Legal Advisors)	800-342-9092

**Pou tout repons ak kesyon imigrasyon yo, Tanpri Rele:**

Biwo Majistra Boston pou Pwomosyon Imigran	617-635-2980
Sant Jistis nan Lwès	800-649-3718
Sèvis Jiridik nan Rejyon Gran Boston	617-603-1700
Rian Sant Imigran	617-542-7654 (klinik jiridik pou imigran ki soti nan tout peyi)
Kowalisyon pou Defans Imigran ak Refijye nan Massachusetts	<a href="http://miracoalition.org/know-your-rights">http://miracoalition.org/know-your-rights</a>

**Si W Gen Kesyon Sou Dwa Lengwistik Ou, Tanpri, Rele:**

Massachusetts Law Reform Institute	<a href="http://masslegalhelp.org/language-rights">http://masslegalhelp.org/language-rights</a>	617-357-0700 x317
Massachusetts Advocates for Children	<a href="https://www.massadvocates.org/">https://www.massadvocates.org/</a>	617-357-8431

